

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode panalungtikan


Méthode panalungtikan salasihiji cara pikeun ngumpulkeun data ngeunaan objék nu keur ditalungtik. Aya sababaraha méthode pikeun ngumpulkeun data nyaéta méthode kuantitatif, méthode kualitatif sarta ngagabungkeun ti kadua méthode éta. Unggal méthode miboga prosedur panalungtikan séwang-séwangan. Ditolik tina wandana, ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif. Nurutkeun Sugiyono (2020, kc.17) méthode panalungtikan kualitatif disebut méthode naturalistik sabab panalungtikanna dilakukeun dina kondisi nu alamiah (*natural setting*). Objék alamiah mangrupa hiji objék nu panalungtikana saayana, panalungtik teu nambahan atawa ngamanipulasi kana objék sarta teu mangaruhan kana dinamis objékna. Dina lumangsungna ieu panalungtikan, panalungtik téh ngan ukur nempo naon nu keur karandapan ku objék panalungtikan, nu dina émprona dipedar dina wangun laporan panalungtikan sakumaha ayana.

Méthode kualitatif bisa dilakukeun sacara hadé ku cara ngumpulkeun data anu lengkep. Sumber data panalungtikan mangrupa kekecapan lisan boh tulisan sangkan bisa meunangkeun hal-hal nu keur ditalungtik. Dumasar kana tujuanna, méthode nu dipaké dina panalungtikan ieu nyaéta méthode déskriptif analitis kalawan pamarékan kualitatif.

Tradisi manday dijadikeun objék panalungtikan, ku sabab miboga ajén nu kacida luhungna. Dina raraga maluruh ajén, panalungtik ngagunakeun méthode déskriptif analitis. Cara nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngumpulkeun jeung nganalisis data nu luyu jeung fakta di lapangan. Ieu panalungtikan museur panitén kana tradisi manday; kalungguhan katut prak-prakan tradisi manday; unsur jeung ajén budaya anu nyampak dina tradisi manday; jeung larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di kelas XII SMA. Dina méthode déskriptif medar ngeunaan sagala hal nu aya patalina jeung ieu panalungtikan nyaéta ti mimiti kasang tukang masalah, dasar-dasar tiori nepi ka ngébréhkeun hasil panalungtikan.

3.2 Désain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc.90) désain panalungtikan salasahiji rarancang anu dijieun ku panalungtik, pikeun kagiatan nu rék dilakukeun. Ieu désain téh pikeun ngawangun stratégi nu antukna ngahasilkeun modél panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, aya sababaraha hal anu baris dilaksanakeun, di antarana (1) nangtukeun masalah, runtuyan anu kahiji nyaéta ngaidéntifikasi masalah, ngarumuskeun masalah, nangtukeun métode jeung téhnik panalungtikan, sarta nangtukeun sumber data; (2) ngumpulkeun data, ku cara talaah pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi; (3) ngolah data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik déskriptif analitis; (4) nyieun kacindekan; (5) nyieun laporan, ngalaporkeun sagala hal nu geus aya sabada panalungtikan. Ieu di handap mangrupa bagan ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan.



Bagan 3. 1
Désain Panalungtikan


3.3 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ayana lokasi jeung sumber data panalungtikan dumasar objék nu keur ditalungtik nyaéta tradisi manday. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap medar ngeunaan lokasi jeung sumber data panalungtikan.

3.3.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi nu dijadikeun pikeun tempat panalungtikan nyaéta Désa Gelok Mulya nu aya di wilayah Kecamatan Sumberjaya Kabupatén Majalengka. Désa Gelok Mulya ieu mangrupa pamekaran ti Désa Banjaran dina taun 2012. Désa Gelok Mulya ieu miboga luas 11,714 Ha ngawengku tanah bengkok nu luasna 9 Ha, tanah titisara anu luasna 0,714 Ha, jeung tanah kuburan nu luasna 2 Ha. Désa Gelok Mulya dibagi jadi 2 blok nyaéta blok Gelok jeung blok Neblo. Salian éta, miboga masarakat anu jumlahna 1.738 atawa 578 kulawarga. Désa ieu miboga sajarah nu aya patalina jeung pakakas, masarakatna miboga pakasaban salaku pand beusi. Salian éta, aya ogé nu pakasabanna tani, dagang, daur *ulang* runtah, korsi hoé jeung budidaya supa. Ieu di handap mangrupa wates-wates Désa Gelok Mulya:

- 1) Kaler : Désa Rancaputat nu diwatesan ku Jl. Raya Provinsi Cirebon-Bandung
- 2) Wétan : Désa Paningkiran diwatesan ku Jl. Raya Kabupatén Rajagaluh-Parapatan.
- 3) Kidul : Désa Leuwimunding diwatesan ku Blok Iser Désa Leuwimunding.
- 4) Kulon : Désa Banjaran diwatesan ku walungan Cidongdong.



Gambar 3. 1 Lokasi Panalungtikan Désa Gelok Mulya 2022

3.3.1 Sumber Data Panalungtikan

1) Cacah Jiwa

Data cacah jiwa Désa Gelok Mulya taun 2022 jumlahna aya 2127 urang, nu ngawengku 1088 lalaki jeung 1039 awéwé.

2) Atikan

Dina segi widang atikan, masarakat Désa Gelok Mulya kawilang alus, katitén tina masarakat nu atikanna ti mulai SD, SLTP, SLTA, D3, S1, jeung S2. Masarakat Désa Gelok Mulya rata-rata miboga atikan nu béda-béda. Sanajan aya sababaraha masarakat nu teu tamat sakola, lain hartian teu maliré kana atikan. Éta hal, kusabab faktor ékonomi nu kurang, faktor budaya di masarakat atawa kurangna maham kana dunya atikan.

Tabél 3.1
Jumlah Cacah Jiwa Dumasar Atikan Taun 2022

No	Tingkat Pendidikan Penduduk	Jumlah
1	TK	48
2	Cacat fisik dan mental	8
3	SD	742
4	Tidak tamat SD	103
5	SLTP	301
6	SLTA	338
7	D3	6
8	S1	31
9	S2	1

Sumber: Démografi Désa Gelok Mulya 2022

3) Agama

Masarakat Désa Gelok Mulya ngagem agama Islam, katitén tina sakabéh masarakatna nyaéta 2078 ngagem agama Islam, 6 ngagem Kristen Katolik jeung 13 Kristen Protestan.

4) Pakasaban

Masarakat Désa Gelok Mulya miboga pakasaban dina sababaraha widang, tapi umumna jadi patani jeung panday beusi. Sumber data alam nu aya di ieu désa dimangpaatkeun pikeun melak tutuwuhan. Salian éta, aya ogé masarakat nu pagawéanna salaku guru, tukang dagang, PNS, TNI, PORLI, Wiraswasta jeung sajabana.

Tabél 3.2
Jumlah Cacah Jiwa Dumasar Pakasaban Taun 2022

No	Pakasaban	Jumlah
1	PNS	10
2	Pengsiunan PNS	2
3	Guru Honoror	17
4	PORLI	1
5	Bidan	2
6	Patani	2
7	Buruh tani	46
8	Tukang dagang	39
9	Buruh	74
10	Pand beusi	21
11	Ustad	9
12	TKI/TKW	3
13	Wiraswasta	224
14	Sopir	8

Sumber: *Démografi Désa Gelok Mulya 2022*

5) Sarana Kaséhatan

Di Désa Gelok Mulya ngawengku sarana kaséhatan nyaéta 3 posyandu.

6) Basa

Basa anu digunakeun ku masarakat Désa Gelok Mulya nyaéta basa Jawa Cirebon. Aya sababaraha urang nu ngagunakeun basa Sunda, antukna dina komunikasi sapopoé sok maké basa Jawa Cirebon nu luyu jeung kaayaan masarakatna. Aya sababaraha basa dina tradisi manday nyaéta dibentuk, dibeuleum, disipuh, jeung diasah.

7) Sistem Kapercayaan Masarakat

Masarakat Désa Gelok Mulya ngagem agama Islam. Aya sababaraha masarakat nu masih kénéh ngagem budaya karuhun saperti dina kagiatan panday beusi sok aya sasajén dina bulan Mulud jeung tiap Jumaah Kliwon sabada asar.

8) Sistem Kakarabatan Masarakat

Masarakat Désa Gelok Mulya raket pisan dudularanna bisa ditilik tina kahirupan sapopoé. Unggal poé minggu sok aya gawé bareng, salian éta nalika aya hiji kagiatan saperti ngawangun masjid Désa Gelok Mulya masarakatna sok silih mantuan. Dina ngajaga kaamanan désa ogé masarakat sok ngayakeun jadwal

piket ronda sacara gantian. Dina tradisi manday ogé sangkan ngahasilkeun pakakas produksi panday beusi biasana sok ku dua nepi ka opat urang.

3.3.1 Sumber Data Panalungtikan




Arikunto (2013, kc.129) nétélakeun yén sumber data panalungtikan mangrupa hiji subjék data nu rék ditalungtik. Dina panalungtikan tangtu kudu aya sumber data nu rék dipaluruh pikeun saluyu jeung tujuan panalungtikan. Sumber data panalungtikan aya tilu wangun, nyaéta jalma (*jalma*), tempat (*place*), sarta kerétas (*paper*).




- 1) Jalma (*person*) nyaéta sumber data nu méré data mangrupa jawaban dina wangun lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis ngaliwat angket.
- 2) Tempat (*place*) nyaéta sumber data ngeunaan kaayaan. Kaayaan nu dimaksud bisa mangrupa rohangan, warna, ritme, gerak tari jeung sajabana. Kaayaan éta salasahiji objék pikeun métode obsérvasi.
- 3) Kerétas (*paper*) nyaéta sumber data nu mangrupa tanda-tanda saperti huruf, angka, gambar, jeung sajabana.

Sumber data dina panalungtikan ieu nyaéta hasil wawancara ti sababaraha responden jeung informan ngeunaan kagiatan panday beusi. *Responden* nyaéta jalma nu méré jawaban leuwih jero saluyu jeung patalékan tina hiji pasualan. Sedengkeun, informan nyaéta jalma nu sok méré informasi ngeunaan objék panalungtikan. Nu kaasup *Responden* nyaéta Abah Acong, Bapa Samidah, Bapa Agung, Bapa Suhari, jeung Bapa Herman sedengkeun informan nyaéta Bapa Rahmat, Bapa Dayat, Bapa Nurdin, Bapa Ali, Ibu Usinah, Ibu Dian, Ibu Siti, Ma jumi, Ma Rastem, Bu Mayah, Bu Enah, Ibu Kartina, Bapa Ikin, jeung Ibu Erna.

Tabél 3.3
Data *Responden* jeung Informan

No	Foto	Data <i>Responden</i> jeung Informan
1		Wasta : Amsor Yuswa : 70 taun Wandabaga : Lalaki Pakasaban : Panday Beusi Padumukan : Blok Neblo, Désa Gelok Mulya, Kec. Sumberjaya Kabupatén Majalengka Atikan : SD


No	Foto	Data <i>Responden</i> jeung Informan
		
2.		Wasta : Samidah Yuswa : 55 taun Wandabaga : Lalaki Pakasaban : Panday Beusi Padumukan : Blok Neblo, Désa Gelok Mulya, Kec. Sumberjaya Kabupatén Majalengka Atikan : SD
3.		Wasta : Agung Yuswa : 46 taun Wandabaga : Lalaki Pakasaban : Panday Beusi Padumukan : Blok Neblo, Désa Gelok Mulya, Kec. Sumberjaya Kabupatén Majalengka Atikan : SD
4.		Wasta : Suhari Yuswa : 47 taun Wandabaga : Lalaki Pakasaban : Panday Beusi Padumukan : Blok Neblo, Désa Gelok Mulya, Kec. Sumberjaya Kabupatén Majalengka Atikan : SD




No	Foto	Data <i>Responden</i> jeung Informan
		
5.		Wasta : Herman Yuswa : 41 taun Wandabaga : Lalaki Pakasaban : Panday Beusi Padumukan : Blok Gelok, Désa Gelok Mulya, Kec. Sumberjaya Kabupatén Majalengka Atikan : SD
6.		Wasta : Rahmat Hidayat Yuswa : 33 taun Wandabaga : Lalaki Pakasaban : Perangkat Désa Padumukan : Blok Gelok, Désa Gelok Mulya, Kec. Sumberjaya Kabupatén Majalengka Atikan : SMK
7.		Wasta : Dayat Yuswa : 53 taun Wandabaga : Lalaki Pakasaban : Tani Padumukan : Blok Neblo, Désa Gelok Mulya, Kec. Sumberjaya Kabupatén


No	Foto	Data <i>Responden</i> jeung Informan
		Majalengka Atikan : SMP
8.		Wasta : Nurdin Yuswa : 47 taun Wandabaga : Lalaki Pakasaban : Wiraswasta Padumukan : Blok Gelok, Désa Gelok Mulya, Kec. Sumberjaya Kabupatén Majalengka Atikan : SMP
9		Wasta : Ali Yuswa : 56 taun Wandabaga : Lalaki Pakasaban : Tani Padumukan : Blok Neblo, Désa Gelok Mulya, Kec. Sumberjaya Kabupatén Majalengka Atikan : SD

10.		Wasta : Usinah Yuswa : 51 taun Wandabaga : Awéwé Pakasaban : <i>Ibu Rumah Tangga</i> Padumukan : Blok Gelok, Désa Gelok Mulya, Kec. Sumberjaya Kabupatén Majalengka Atikan : SD
-----	--	--

No	Foto	Data <i>Responden</i> jeung Informan
		
11.		Wasta : Dian Yuswa : 32 taun Wandabaga : Awéwé Pakasaban : <i>Ibu Rumah Tangga</i> Padumukan : Blok Gelok, Désa Gelok Mulya, Kec. Sumberjaya Kabupatén Majalengka Atikan : SMK
12.		Wasta : Siti Komaliah Yuswa : 35 taun Wandabaga : Awéwé Pakasaban : <i>Ibu Rumah Tangga</i> Padumukan : Blok Gelok, Désa Gelok Mulya, Kec. Sumberjaya Kabupatén Majalengka Atikan : SMP
13.		Wasta : Ma Jumi Yuswa : 62 taun Wandabaga : Awéwé Pakasaban : <i>Ibu Rumah Tangga</i> Padumukan : Blok Gelok, Désa Gelok Mulya, Kec. Sumberjaya Kabupatén Majalengka Atikan : SD

No	Foto	Data <i>Responden</i> jeung Informan
		
14.		Wasta : Rastem Yuswa : 87 taun Wandabaga : Awéwé Pakasaban : <i>Ibu Rumah Tangga</i> Padumukan : Blok Gelok, Désa Gelok Mulya, Kec. Sumberjaya Kabupatén Majalengka Atikan : SD
15.		Wasta : Mayah Yuswa : 40 taun Wandabaga : Awéwé Pakasaban : <i>Ibu Rumah Tangga</i> Padumukan : Blok Gelok, Désa Gelok Mulya, Kec. Sumberjaya Kabupatén Majalengka Atikan : SMP
16.		Wasta : Enah Yuswa : 46 taun Wandabaga : Awéwé Pakasaban : <i>Ibu Rumah Tangga</i> Padumukan : Blok Neblo, Désa Gelok Mulya, Kec. Sumberjaya Kabupatén Majalengka Atikan : SD

No	Foto	Data <i>Responden</i> jeung Informan
		
17.		Wasta : Kartina Yuswa : 51 taun Wandabaga : Awéwé Pakasaban : <i>Ibu Rumah Tangga</i> Padumukan : Blok Neblo, Désa Gelok Mulya, Kec. Sumberjaya Kabupatén Majalengka Atikan : SD
18.		Wasta : Ikin Yuswa : 57 taun Wandabaga : Lalaki Pakasaban : Buruh Padumukan : Blok Gelok, Désa Gelok Mulya, Kec. Sumberjaya Kabupatén Majalengka Atikan : SD
19.		Wasta : Erna Yuswa : 45 taun Wandabaga : Awéwé Pakasaban : <i>Ibu Rumah Tangga</i> Padumukan : Blok Neblo, Désa Gelok Mulya, Kec. Sumberjaya Kabupatén Majalengka Atikan : SD

No	Foto	Data <i>Responden</i> jeung Informan
		

3.4 Téhnik Panalungtikan

Téhnik dina panalungtikan ieu pikeun medar kalungguhan katut bahan jeung pakakas naon nu dipaké dina prak-prakan tradisi manday sarta unsur jeung ajén budaya anu nyampak dina tradisi manday dibutuhkeun téhnik panalungtikan anu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Sugiyono (2011, kc.296) téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah mimiti dina panalungtikan, lantaran tujuan kahiji panalungtikan pikeun meunangkeun data. Téhnik ngumpulkeun data bisa dilakukeun ku cara ulikan pustaka, téhnik obsérvasi, téhnik wawancara, jeung téhnik dokuméntasi.

1) Téhnik Ulukan Pustaka

Téhnik ulikan pustaka nyaéta panalungtik néangan tur neuleuman eusi buku-buku pikeun nangtukeun dasar-dasar teoritis nu aya patalina jeung nu rék ditalungtik. Dina ieu panalungtikan dokuméntasi tinulis nu dipaké buku ngeunaan kabeungharan kecap sarta buku budaya. Salian éta, ngagunakeun studi pustaka nu dilaksanakeun di Perpustakaan UPI, Perpustakaan Ajip Rosidi sarta Perpustakaan Departemen Pendidikan Bahasa Sunda.

2) Obsérvasi

Obsérvasi nurutkeun Nasution (dina Sugiyono, 2011, kc.297) téhnik obsérvasi nyaéta sakabéh dasar tina élmu pangaweruh pikeun ngumpulkeun data nu miboga ciri husus. Téhnik obsérvasi téh teu diwatésan ngan ka manusa, tapi bisa ka objék-objék alam. Dina panalungtikan ieu, obsérvasi nu saluyu nyaéta obsérvasi

partisipasif pasif lantaran, panalungtik ngan saukur datang ka tempat nu keur ditalungtik pikeun maluruh ngeunaan kagiatan panday beusi.

3) Wawancara

Nurutkeun Esterbag (dina Sugiyono, 2011, kc.305) wawancara ngawengu tilu wanda, nyaéta wawancara *terstruktur*, wawancara *semi struktur*, jeung wawancara *tidak struktur*. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik wawancara nu *semi struktur* lantaran dina prak-prakan kagiatan panday beusi bisa dilakukeun sacara santey sangkan *responden* boh informan teu kagok nalika diwawancara. Tujuanna wawancara *semi struktur* bisa manggihan pasualan sacara terbuka hartina responden boh informan bisa nétélakeun sawangan katut idéna. Salian éta, panalungtik ngalakukeun kagiatan wawancara nu geus disadiakeun patalékanna ngeunaan kagiatan panday beusi pikeun sababaraha responden tuluy hasil datana dicatét.

4) Dokuméntasi

Nurutkeun Sugiyono (2011, kc.314) téhnik dokumentasi ngawengku wangun tulisan, gambar, sarta karya-karya seni. Aya sababaraha data nu kudu dipikanyaho nyaéta hasil panalungtikan langsung kana objék nu keur ditalungtik, potrét pakakas nu aya di kagiatan panday beusi, sarta hasil ngawawancara ka pupuhu panday beusi jeung masarakat Gelok Mulya.

3.4.1 Téhnik Ngolah Data

Data-data dina ieu panalungtikan dikumpulkeun ngaliwatan téhnik ngumpulkeun data nu geus ditétélakeun di luhur. Sanggeus éta, tuluy diolah sarta dianalisis ngagunakeun tiori-tiori nu geus ditangtukeun. Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik deskriptif analitis. Dina ieu panalungtikan téh aya léngkah-léngkahna nyaéta ieu di handap.

- 1) Niténan data nu geus kakumpulkeun.
- 2) Nyieun papasingan data hasil panalungtikan nu nuduhkeun kalungguhan tradisi manday katut prak-prakan nu ngawengku bahan, alat jeung cara dina nyieun produk panday beusi, jeung unsur tur ajén budaya anu nyampak dina tradisi manday.
- 3) Ngaanalisis jeung ngadéskripsikeun data ngeunaan kalungguhan tradisi manday katut prak-prakan nu ngawengku bahan, alat jeung cara dina nyieun

produk panday beusi, jeung unsur tur ajén budaya anu nyampak dina tradisi manday.

4) Nyieun kacindekan tina hasil data nu geus kapaluruh.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Dina métode panalungtikan tangtu aya alat pikeun ngumpulkeun data nyaéta instrumén panalungtikan. Ieu di handap medar ngeunaan instrumén panalungtikan tradisi manday.

3.5.1 Instrumen Panalungtikan dina Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Winarni (2019, kc.155) nyaéta alat anu dipaké ku panalungtik pikeun panalungtikan ka lapangan. Salian éta, instrumén panalungtikan pikeun ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang jeung hasil panalungtikan bakal leuwih hadé. Instrumén panalungtikan ogé mangrupa salasahiji nu mangaruhan kana hasil panalungtikan. Dina instrumén panalungtikan ieu miboga patali jeung validitas. Dina validitas kudu maham kana métode panalungtikan kualitatif pikeun objék panalungtikan nu hadé boh sacara akademik boh logistik. Panalungtik jadi pihak nu ngalakukeun ieu validitas ngaliwatan sabaraha persen maham kana métode kualitatif, ngawasa tiori, pangaweruh kana objék nu ditalungtik sarta kasiapan nalika dilapangan. Anapon instrumén ieu panalungtikan saperti di handap.

1) Pedoman Observasi

Tabél 3.4 Instrumen Observasi

No	Indikator	Anu diobservasi
1.	<i>Pra</i> Kegiatan	1) Hal-hal anu kudu disiapkeun saméméh tradisi manday.
2.	Kegiatan	1) Lumangsungna tradisi manday. 2) Waktu lumangsungna tradisi manday. 3) Tempat dilaksanakeun tradisi manday.
3.	<i>Pasca</i> Kegiatan	1) Hal nu dilakukeun sanggeus tradisi manday.
4.	Palaku	1) Pupuhu panday beusi 2) Anggota panday beusi
5.	Alat, bahan, jeung infrastruktur	1) Alat nu digunakeun dina tradisi manday. 2) Bahan nu kudu aya dina tradisi manday saperti per mobil jeung <i>shockbreaker</i> mobil.

2) Pedoman Wawancara

Tradisi manday dina ngalaksanakeun wawancara ka *responden* jeung informan kalawan ngagunakeun daptar pananya anu aya pakaitna jeung masalah nu keur ditalungtik. Ieu di handap aya pedoman wawawancara pikeun nyangking data panalungtikan.

Tabél 3.5
Format Biodata Responden jeung Informan

Biodata Informan	
1. Wasta	:
2. Yuswa	:
3. Wandabaga	:
4. Pakasaban	:
5. Padumukan	:
6. Atikan	:
7. Kalungguhan	:
8. Waktu wawancara	:

Tabél 3.6
Format Pedoman Wawancara ka Panday beusi

No.	Rumusan	Daptar Pananya
1.	Sajarah kagiatan panday beusi	a. Kumaha sajarah tradisi manday di Désa Gelok Mulya? b. Kumaha kaayaan tradisi manday baheula? c. Kumaha kaayaan tradisi manday ayeuna?
2.	Waktu	a. Iraha ngadegna ieu tradisi manday? b. Iraha waktu lumangsungna nyieun produk dina tradisi manday?
3.	Palaku	a. Saha nu mitembeyan tradisi manday?
4.	Prak-prakan	b. Kumaha prak-prakan tradisi manday?
5.	Alat, bahan jeung infrastruktur	a. Hal naon waé nu kudu disadiakeun nalika tradisi manday? b. Alat naon waé nu digunakeun dina tradisi manday? c. Bahan naon waé nu digunakeun dina tradisi manday? d. Naon waé produk nu dihasilkeun dina tradisi manday? e. Produk unggulan naon waé nu aya dina tradisi manday? f. Naha kudu aya sasajén nalika lumangsungna tradisi manday? g. Kumaha wangun bangunan produksi dina tradisi manday?
6.	Ma'na	a. Naon tujuan diadegkeunna tradisi manday? b. Naon fungsi alat jeung bahan nu digunakeun dina tradisi manday?

Tabél 3.7
Format Pedoman Wawancara ka masarakat

No.	Daptar Patalékan
1.	Naha tradisi manday méré pangaruh keur kahirupan masarakat?
2.	Naha masarakat miboga peran dina tradisi manday?
3.	Naon waé mangpaat tradisi manday pikeun masarakat?